

# Broward County Public Schools

## Dwa ak Pwoteksyon Fanmi –Ransèyman jeneral

Minis Edikasyon (secretary of Education) modifye regleman *Part B of the Individuals with Disabilities Education Act -IDEA or Act* (Pati B Lwa sou edikasyon moun andikape). Kondisyon pou konsantman fanmi modifye; ajans publik anvan yo jwenn aksè pou lapremye fwa nan bennefis Medicaid yon timoun oswa paran-li, pou peye sèvis obligatwa datre Lwa-a, dwe satisfè sèten kondisyon pou jwenn konsantman fanmi. Diplis, nan Lwa-a yo entwodi nouvo langaj ki ekzije yo notifye tout fanmi timoun andikape de pwoteksyon legal yo genyen lè ajans publik ap chèche jwenn aksè nan avantaj bennefis publik oswa asirans. Tout regleman sila finalize epi te antre an vigè depi 18 mas, 2013.

## **KLÒZ KONSÈNAN KONSANTMAN FANMI**

### **§300.154(d) (2) (iv) (A)-(B)**

*Broward County Public Schools (BCPS)* – Lekòl publik Broward County ap chèche jwenn konsantman-ou alekri anvan li kominike (revele) enfòmasyon pèsonnèl ki kapab idantifye pitit-ou, san konsantman.

## **KLÒZ SAN FRÈ**

### **§300.154(d) (2) (i)-(III)**

1. Ou pap blije siyen oswa anwole pou resevwa avantaj bennefis publik oswa pwogram asirans sante, pou pitit-ou ka resevwa FAPE datre Pati B lalwa-a (*Part B of the Act*)
2. Ou pap peye okenn depans ak lajan pa-ou (out-of-pocket expenses) pou sèvis yo founi pitit-ou
3. *Broward County Public Schools* (Lekòl publik Broward County) pap itilize bennefis pitit-ou:
  - a. si sa va limite kouvèti asirans ou va resevwa pandan tout lavi-ou;
  - b. si sa lakòz ou va peye pou sèvis; kouvèti pwogram asirans oswa bennefis publik blije peye pou sèvis sila pou pitit-ou lè li pa lekòl;
  - c. si prim (primyòm)-ou va ogmante oswa si bennefis-ou va sispann;
  - d. si wap pèdi elijibilite pou egzanpsyón bennefis pou lakay ak mezon kominotè, datre estimasyon depans total pou swen sante.

## **RETIRE KONSANTMAN**

### **34 CFR part 99 and part 300**

1. Nenpòt lè, ou andwa retire konsantman-ou, pou asepte voye non pitit-ou, dat nesans, nimewo ID elèv-la (nimewo idantifikasiyon), kalite sèvis elèv-la resevwa, ak kòd *ICD 9 code*, bay ajan fiskal Medicaid Leta-a.
2. Retire konsantman oswa refize bay konsantman-ou pap chanje oswa sispann sèvis obligatwa pitit-ou dwe resevwa; ou pap bezwen peye anyen pou sèvis nou founi.

## **ENFÒMASYON BCPS**

1. Lekòl pitit-ou resevwa lajan pwogram sila jenere; nou va itilize lajan-an sèlman pou Sipò elèv oswa pou edikasyon pou elèv esepsyonnèl (*Student Support or Exceptional Student Education*).
2. BCPS pap entèfere avèk sèvis pitit-ou resevwa lè li ale nan klinik yon doktè nan kominote-a oswa nan yon ajans. Egzanp, BCPS tann entansyonnèlman omwens 8 semenn anvan li prepare bòdwò pou reklamasyon Medicaid. Si yo te founi yon sèvis kominotè menm jou nou founi yon sèvis IEP, distrik eskolè-a pap resevwa touswit peman pou sèvis li founi paske distrik-la fè demann peman, apre yo fin peye sèvis kominotè-a.